



Merdeka
Mengajar

LKPD

BAHASA JAWA KELAS 1 “PENGALAMANKU”

WULANGAN 5

JENENG :

KELAS :

5

PENGALAMANKU

TUJUAN PEMBELAJARAN

SAWISE NYINAONI WULANGAN IKI, SISWA DIAJAB BISA:

- 1. MANGERTENI TEMBUNG MATUR NUWUN
SAJRONE TEKS**
- 2. MANGERTENI TEMBUNG NJALUK NGAPURA
SAJRONE TEKS**
- 3. MANGERTENI TEMBUNG TRESNA ASIH SAJRONE
TEKS**

A. Nyemak Teks Crita Pengalaman

Pengalaman Yaiku Kadadeyan kang wis nate dialami utawa dilakoni
Sabèn wong mesthi duwe pengalaman dhewe-dhewe

Macemé pengalaman yaiku:

1. Pengalaman sing gawe seneng

Tuladha : Plesir ing Pantai, ulang tahun, entuk biji sing apik

2. Pengalaman sing gawe sedhih

Tuladha : Tibo saka sepeda, dinakali kancane

Gladhen 1

TEKS CRITA PENGALAMAN

Wacanen crita ing ngisor lan wangsulana pitakone!

Plesir Menyang Pantai Popoh

Dina Minggu kepungkur Rini, Bima, Pak Wibawa, lan Bu Dewi tindak plesir menyang Pantai Popoh. Pantai popoh iku manggon ana ing tlatah Kabupaten Tulungagung. Salah sijine kabupaten ing Jawa Timur. Dalan sing dilewati mengkak mengkak lan munggah mudhun atiku seneng banget. Budhal saka dalem simbah jam 06.00, watara jam 07.00 Pak Wibawa sakulawarga wis tekan pinggire segara. Bu Dewi banjur menyang loket. Karcis mlebu murah banget. Mung Rp 3000,00 saben wong. Sakwise nyekel karcis, kabeh banjur mudhun saka mobil, tumuju menyang pendhapa sing manggon persis sapinggire segara. Pendhapanane gedhe tur resik. Hawane rada adhem, amarga angin segara kang sumribit.



Kawrun Sapala:

1. Plesir : dolan
2. Kepungkur : sing biyen
3. Tlatah : panggonan
4. Budhal : mangkat
- Banjur : sak teruse

1. Apa irah-irahane wacan ing dhuwur?

Wangsulan :

2. Kapan Rini, Bima, Pak Wawan lan Bu Dewi Plesir?

Wangsulan :

3. Bima plesir menyang ngendi?

Wangsulan :

4. Kepriye dalan sing dilewati?

Wangsulan :

5. Jam pira tekane Pak Wibawa nang Pantai?

Wangsulan :

Gladhen 2

Wenehno tanda (V) kanggo gambar kang keblebu pengalaman nyenengake lan tanda (X) kangge gambar kang keblebu pengalaman nyedihake.

☐☐☐☐☐☐☐☐☐

B. Nyritakake Pengalaman

Semaken wacan ing ngisor iki!



Saiki mangsa liburan semester siji.
Aku karo Bima ngewangi Ibu lan
Bapak
Resik-resik pekarangan omah
Sukete katon duwur-duwur,
larahane akeh amargo mangsa
rendeng
Dibabati nganggo arit, larahane
disapu nganggo sapu lidi.
Sak iki omahku katon resik lan
tumata.

Gladhen 3

Coba saiki critakno pengalamanmu naliko ngrewangi bapak utawa ibu wektu Liburan nganggo basamu dewe.

Tulisen, banjur wacanen nang ngarep kelas kanthi swara seng seru lan cetha!

C. Meragakne ukara atur panuwun, atur pangapura lan atur rasa asih

1. Atur Panuwun

Atur Panuwun yaiku tembung sing diucapake nalika awake dhewe diparingi utawa ditulungi utawa diwangi wong liya

Ukara atur panuwun biasane diwiwiti tembung 'Matur Nuwun' nggunakake unggah-ungguh sing sopan

Atur panuwun marang kanca

Matur nuwun ya
Jodi aku wes
diwenehi apel

Iya....podho-
padha Koko



Marang Kanca nggunakake basa ngoko

Atur panuwun marang wong luwih tuwa

Ayo nak pasti
iso numpak
sepeda iki

matur nuwun pak
sampun dipun
wuruki nitih
sepeda



Marang wong sing luwih tuwa nggunakae basa krama

2. Atur Pangapura

Atur Pangapura yaiku tembung sing diucapake menawa awak e dewe nduweni luput marang kanca utawa wong liya

Awak dewe kudu ngucapake tembung 'Sepurane' utawa 'Pangapunten' supaya kaluputan bisa dingapura

Atur pangapuro marang kanca



Atur pangapuro marang wong sing luwih tuwa



3. Atur Rasa Asih

Atur rasa asih ora kudu nganggo tembung sayang utawa tresna. Atur rasa asih isa bisa diwujudake nganggo tumindak

Tuladha

Rini : "Bimayo dakrewangi ngringkesi bukumu"

Ibu : "Nduk, yen kesel lerena dhisik"

Gladhen 4

Tatanen tembung ing ngisor iki supaya dadi ukara kang bener!

Tuladha

Pitakonan :

nyuwun

sepura

Bima

Wangsulan :

Bima

nyuwun

sepura

1.

buku

maringi

simbah

2.

sepedha

bapak

nitih

3.

Pak Joni

ngapura

nyuwun

4.

karo

ngomong

sapa

5.

nyuwun

warah

Sari

Gladhen 4



Wenehna tanda (V) kanggo ukara kang
klebu atur panuwun, atur pangapura,
utawa atur rasa asih



no	ukara	atur panuwun	atur pangapura	atur rasa asih
1	Bapak kula nyuwun pangapunten			
2	Bapak nyuwun tulung tumbaske roti ya nuwun sadurunge			
3	Wis ndhuk nek kesel leren dhisik			
4	Ayu cah ayu maem dhisik digarap mengko maneh wae tugase			
5	Sepurane ya cah bagus simbah ora sengaja nyenggol sepedhamu			
6	Radit sadar yen salah banjur nyuwun pangapunten marang mbakyune			
7	Kene tak ewangi ngirisi bawange dhik			
8	Dhumateng para tamu kula aturaken panuwun			
9	Njaluk pangapurane sing akeh ya dhik malah ngrepoti			
10	kulo matur nuwun sanget sampun jenengan tulungi			

Kawruh Tambahan

- anak pitik = kuthuk
- anak bandeng = nener
- anak bantheng = wareng
- anak baya = rete
- anak banyak = blengur
- anak bebek = meri
- anak cecak = sawiyah
- anak dara = piyik
- anak gajah = bledug
- anak jaran = belo
- anak kadhal = tobil
- anak kebo = gudel
- anak kidang = kompreng
- anak kodhok = precil
- anak kucing = cemeng
- anak macan = gogor
- anak sapi = pedhet
- anak tikus = cindhil
- anak wedhus = cempe